TSJETSJENSK

# Шена коьрта т1е бехвелларг мила ву хаа лууш хилла оьпа.



Вернер Холцварт/Волф Эрлбрух

Вернер Холцварт/Волф Эрлбрух



# Шена коьрта т1е бехвелларг мила ву хаа лууш хилла оьпа.



Омнипакс, Осло 1999

Малх хьалаг1аьттани техьа аьлла,

хьажа дагахь  жима оьпас шен корта

тоьлан 1уьргара хьалакъадабешшехь,

хилира х1ара:



Иза яра горга а, мокха а, цхьа жимма

йоьхьах тера а йолуш – уггур телханиг:

Иза нисса цуьна коьрта йоьжнера.



«Ма эхь долуш ду х1ара!»

аьлла, мохь тоьхна цу жима

оьпас. «Мила ву сан коьрта т1е

бехвелларг?»



Амма шен б1аьрса г1о

хиларна цхьа а

ца гина цунна.

«Хьо-м бацара сан коьрта т1е бехбелларг?» хаьттира цо т1ема баьлла боьду кхокхига.





«Со-й?Бацара дера-кха!

Аса иштта ма до иза!» элира

кхокхо.

«Сплеш», аьлла т1еда а, к1айн а боьхал кхоьссира цо, цу жима оьпина уллохь, дарцаш оьпин аьтту кога т1е а тухуш.



«Хьо-м яцара сан коьрта т1е
бехйелларг?» хаьттира цо
бацалахь ежаш лела говрига.





«Со-й?Яцара дера-кха! Аса ишттa ма до иза!» элира говро.

«Румпетипромп» аьлла, йоккха пхиъ пхьежа гала йожира говро,  цхьа чо бен юккъехь меттиг йоцуш оьпан юххе. Цу г1уллакха цецйеккхира оьпа.



«Хьо-м яцара сан коьрта т1е
бехйелларг?»
хаьттира цо пхьагалиг.





«Со-й?Яцара дера-кха!

Аса иштта ма до иза!» элира

пхьагало.

«Рататата», аьлла пхийтта горга жима кхоь – буьртигаш боьжира пхьагало, цу жима оьпина лергашна т1е. Кхоссайелла к1елхьара елира оьпа.



«Хьо-м яцара сан коьрта т1е бехйелларг?» хаьттира цо шен ойланаш еш лаьтта газига.



–

«Со-й?Яцара дера-кха!

Аса иштта ма до иза!»

элира газас.

«кнаккеликнакк», аьлла 1аламат дукха горга буьртигаш хийцира газас бецан т1е охьа.

Уьш цу жима оьпин т1е кхетаза дойлира.



«Хьо-м бацара сан коьрта т1е бехбелларг?» хаьттира цо шен г1ийла нох доккхуш лаьтта атте.



«Со-й?Бацара дера-кха! Аса иштта ма до иза!» элира атто.

«свуьппетисвуьпп» аьлла, дожира атто 1аламат доккха , мокха-баьццара кхо беца юккъе охьа. Бакъ долуш етт бацара цуьна коьта т1е бехбелларг.



«Хьо-м яцара сан коьрта т1е бехйелларг?» хаьттира цо хьакхига.



«Со-й?Яцара дера-кха!

Аса иштта ма до иза!» элира

хьакхо.

«сплатсплаттесплат» аьлла, йожира

т1еда а , мокха а боьхал беца т1е охьа.

Цу жима оьпано шен мара д1алецира.





«Хьо-м вацара сан коьрта т1е бехвелларг?... ала цунна

дагадеанера юха а. Амма иза юххе т1еяхча, гира цунна ши 1аьржа моза. Юург юуш 1аш.

Т1еххьаре а суна г1о дан мега кху шиммо, дагадеара цу жима оьпина.

«Мила ву техьа сан коьрта т1е

бехвелларг?» хаьттира цо сихха.



«Цхьана меттехь

саца», зузз, аьлла

хьойзира мозеш.

Ткъа жима хан

йаьлча, элира цара:

**«Ж1ала**

ду-кха

иза!»



Т1еххьаре кхетта и жима оьпа, шен коьрта т1е бехвелларг мила ву:



Х1анс- Х1енрик,

хаспанчан ж1ала!



Стелахьаьштиг санна сиха

йедда Х1анс- Х1енрикан

бун т1е елира иза...

Т1аккха плинг – плингели – плинг аьлла,

йоьжна йоьхьах тера 1аьржа боьхалан

гала ж1алин коьрта.



Ша шена реза хилла, самукъадаьлла

шен тоьла чу иккхира И жима оьпа.





ISBN 82-530-2111-9

9 788253 021119